



FEMA

3 Aout, 2007

Kesyon ak Repons

Kesyon Moun Poze Souvan

ÒDONANS FOIA SOU PIBLIKASYON ENFÒMASYON APLIKAN YO

Kisa òdonans FOIA ekzije FEMA pou fè? Pou rezon ak pou ki moun yo dwe bay enfòmasyon sa yo?

Akòz de Ak Libète sou Enfòmasyon (Freedom of Information Act) (FOIA) resan an ka nan tribinal News-Press v. DHS/FEMA, Koudapèl Itineran Etazini. pou 11^{em} Sikwi te òdone FEMA pou remèt sout sa ki annapre la:

- Adrès tout endividi yo ki te aplike pou asistans dezans nan men FEMA pou siklòn 2004 Florida yo ak moun ki te klase reklamasyon asirans inondasyon sou Pwogram Asirans Nasyonal Pou Inondasyon 2004 siklòn nan Florida pou *The News-Press* nan Fort Myers, Fla., *Pensacola News Journal*, ak *South Florida Sun-Sentinel*.
- Adrès tout endividi yo ki te aplike pou asistans dezans nan men FEMA ant 1998 ak 2004 bay South Florida Sun-Sentinel; ak,
- Adrès tout endividi yo ki te klase reklamasyon asirans inondasyon sou Pwogram Asirans Nasyonal Pou Inondasyon aprè siklòn 2004 Florida yo.

Enfòmasyon sa yo nòmalmman pwoteje sou Ak Konfidansyalite ak ekzanpsyon pou konfidansyalite pèsonel FOIA an. FEMA p'ap remèt non oswa enfòmasyon pèsonel tankou nimewo Sekirite Sosyal ak nimewo Kont labank, adrès.

Tribinal la te pran desizyon pou nou remèt adrès Aplikan yo baze sou sikonstans ki te antoure siklòn 2004 Florida yo, ak detèmine enterè piblik la nan debousman èd pou dezans FEMA nan sikonstans sa yo gen plis enpòtans pase enterè konfidansyalite endividi sa yo. FEMA pral konfòme ak lòd tribinal la.

Konbyen Aplikan desizyon tribinal sa a pral afekte?

Desizyon tribinal la afekte santèn milyon fwaye. Li enkli pou nou remèt enfòmasyon sou plis pase de (2) milyon aplikan FEMA.

Ki dezans ki kouvri nan desizyon tribinal sa a?

Desizyon tribinal la afekte 31 dezans nan wit (8) eta ant 1998 ak 2004. Evenman dezans ki kouvri sou desizyon lòd tribinal enkli siklòn Charley, Frances, Ivan ak Jeanne an 2004; Siklòn Isabel an 2003; Siklòn Floyd an 1999; Siklòn George an 1998; ak 24 lòt gwo dezans. Eta ki enkli yo se Alabama, California, Florida, Louisiana, Michigan, North Carolina, Ohio ak Wisconsin.

Konte ki endike annapre yo afekte nan lòd tribinal la:

Eta	Nimewo Dezas la	Dat	Tit
Alabama	1250	09/30/1998	Siklòn Georges
	1438*	10/09/2002	Ouragan Twopikal Isidore
	1466	05/12/2003	Gwo tanpèt, Tonad ak Inondasyon
	1549	09/15/2004	Siklòn Ivan
California	1203	02/09/1998	Gwo Tanpèt Ivè Sevè ak Inondasyon
	1498	10/27/2003	Ensandi Sovaj
Florida	1204	02/12/1998	Loraj Sevè, Tonad ak Inondasyon
	1306	10/20/1999	Siklòn Irene
	1345	10/04/2000	Gwo Lapli Ak Inondasyon
	1460	04/25/2003	Tonad
	1539	08/13/2004	Siklòn Charley ak Ouragan Twopikal Bonnie
	1545	09/04/2004	Siklòn Frances
	1551	09/16/2004	Siklòn Ivan
	1561	09/26/2004	Siklòn Jeanne
Louisiana	1246	09/23/1998	Ouragan Twopikal Frances ak Siklòn Georges
	1435	09/27/2002	Ouragan Twopikal Isidore
	1437	10/03/2002	Siklòn Lili
	1548	09/15/2004	Siklòn Ivan
Michigan	1346	10/17/2000	Gwo tanpèt Ak Inondasyon
	1527	06/30/2004	Gwo tanpèt, Tonad ak Inondasyon
North Carolina	1240	08/27/1998	Siklòn Bonnie
	1292	09/16/1999	Siklòn Floyd & Irene
	1490	09/18/2003	Siklòn Isabel
	1546	09/10/2004	Ouragan Twopikal Frances
	1553	09/18/2004	Siklòn Ivan
Ohio	1444	11/18/2002	Gwo tanpèt ak Tonad

	1484	08/01/2003	Tonad, Inondasyon, Gwo tanpèt, ak Gwo Van
	1519	06/03/2004	Gwo tanpèt ak Inondasyon
Wisconsin	1238	08/12/1998	Wisconsin Gwo tanpèt ak Inondasyon
	1332	06/23/2000	Gwo tanpèt, Tonad Ak Inondasyon
	1526	06/18/2004	Gwo tanpèt ak Inondasyon

* Okenn Deklarasyon pou Asistans Endividyèl pou dezaz sa a.

Kilè ak kijan FEMA ap notifiye aplikan yo ke yo pral remèt enfòmasyon?

Kòmanse premye semèn mwa Daout, FEMA ap lanse tout efò pou kontakte aplikan ki afekte yo. FEMA pral voye yon lèt sou dènye adrès li konnen epi FEMA pral rele dènye nimewo telefòn ki nan dosye aplikan yo. ([link to letter and script](#))

Si mwen te aplike pou asistans federal aprè plis pase yon dezaz, èske yon pral rele m plizyè fwa?

Wi, FEMA pral notifiye each aplikan pou chak dezaz. Si ou te aplike pou asistans nan plis pase yon nan dezaz ki deziyen ki kouvri nan lòd tribinal la, yo pral kontakte w plis pase yon sèl fwa.

Èske kalite enfòmasyon aplikan pral rive pou tout lòt dezaz, ki enkli dezaz nan lavni?

Non, FEMA pral kontinye pwoteje enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye yon aplikan nan lavni pou tou de (2) FOIA ak Akt Konfidansyalite a.

Èske enfòmasyon yo remèt an koneksyon avèk lòd FOIA pral disponib pou tout moun ki mande?

Wi. Malgre enfòmasyon sa yo nòmalman pwoteje sou Ak Konfidansyalite ak ekzanpsyon pou konfidansyalite pèsònèl FOIA an, lemoman FEMA remèt enfòmasyon sa yo pou òganizasyon medya yo nan Florida, ajans la pral oblije sou lwa FOIA an, "remèt pou youn, remèt pou tout," pou founi menm enfòmasyon sa yo pou tout lòt moun FOIA yo ki ta vin fè demann.

Èske nouvo òganizasyon yo pral kapab kontakte m dirèkteman akòz rezilta pou remèt enfòmasyon sa yo?

Wi. Yon vin oblije FEMA pou nou remèt adrès kay Aplikan yo ki te andomaje nan dezaz yo. Sepandan, sizoka nouvo òganizasyon yo matche adrès ak detay enfòmasyon nou te remèt avan sou FOIA an, yo pral genyen apil enfòmasyon sou aplikan endividyèl yo, tankou montan lajan asistans nou te bay ak estati reklamasyon asirans yo an.

Èske enfòmasyon sa prale pou tout jounal nouvèl yo an menm tan?

Non. *News-Press* te klase plent nan Distri Mwayèn Florida (Middle District of Florida), ki te deklare FEMA pat bezwen pou remèt non ak adrès aplikan dezaz yo baze sou enkyetid konfidansyalite. FEMA oblije tann pou Mwayèn Florida (Middle District of Florida pou bay yon nouvo lòd ki reflekte desizyon Koudapèl Itineran Etazini. pou 11^{èm} Sikwi an avan yo ka remèt enfòmasyon sa yo bay *News-Press* la.

